Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 21 (6541) 17 апрель 2017 с. Итни Ражаб 1438 с. Багьа 5 гъур.

АНТИТЕРРОР

## Санкт-Петербург, дур бухIи гIахьал гьабула

**Терроралда дандечIараб митинг тIобитIана ва гъутIби чIана**

**Микьабилеб апрелалда Гумбет районалъул МелъелтIа, Данухъ, ЛъаратIа, Ингишо, ЦIиликь, ЦIунди-Щабдухъ, ИчичIали росабазул гIадамал, мугIалимал ва школлъимал, учрежденияздул гIуцIабазул хIалтIухъаби рахъун рукIана МелъелтIа-СагIри шагьранухлул рагIаллъабазда гъутIби чIезе.**

ХIалтIуда байбихьилелде 600 ялдаса цIикIкIун чи гIахьаллъараб «Ниж нужгун руго, петербургалъулал» митинг тIобитIана. Школлъималазухъ, маданиял хIалтIухъабазухъ рукIана «Гумбет – терроризмалда данде», «Терроризм хIажат гьечIо», «Питер – ниж нужгун» ва цогидалги лозунгал. Митинг тIобитIана Санкт-Петербургалда кIиаби-леб апрелалда ккараб вахIшияб лъугьа-бахъиналда бан. Метроялда террористаз теракт гьабиялъул хIасилалда гIумруялдаса ватIалъана 13, лъукъана 50 гIанасев чи.

Митинг рагьана ва ракълилал гIадамазул рахIат хвезабурал террористазул ишазе букIине кколеб къимат къураб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас**. Терроризмалда данде киналго цадахъ лъугьун къеркьезе ккеялъул, щивав чияс цIодорлъи гьабизе ккеялъул, хасго нухда, гIемер гIадамал ракIарарал бакIазда, школазда сверухълъиялда щаклъи бугеб предмет, пакет батани, кодобе босизе бегьунгутIиялъул бицана ва Санкт-Петербургалда гьабураб теракталъул бицана районалъул херазул Советалъул председатель **ГIали ГIумархIажиевас**, районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул председатель **ГIабдулмажид Амагаевас.**




Террористазул вахIшиял ишазул хIасилалда хваразул хIурматалда минуталъулаб сихIкьотIи гьабуна.

Хадур щибаб учреждениялъул, гIуцIабазул хIалтIухъаби, мугIалималгун школлъимал шагьранухлул рагIаллъабазда гъутIби чIезе ана, жидежидее бихьизабураб бакIалде.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО. 12 АПРЕЛЬ – ТIОЛГОДУНЯЛАЛЪУЛ АВИАЦИЯЛЪУЛ ВА КОСМОСАЛЪУЛ КЪО

## Гъарадирихъев – дихъе космосан

**Гумбет районалда тIобитIана летчик МухIамад Хъазанбиевасулгун дандчIвай**

**Авиациялъул ва космонавтикаялъул ТIолгодунялалъул къоялъул хIурматалда, 12 апрелалда Гумбет районалъул администрациялъул вакилзабаз тIобитIана летчик-истребитель, Юрий Гагаринил курсояв МухIамад Хъазанбиевасулгун дандчIвай.**

2017 соналъ 60 сон тIубала ракьалда сверун космосалде тIоцебесеб искусственнияб спутник боржине биччаралдаса. 1961 соналъул 12 апрелалда, 56 сон цебеккун Дунял сверун воржана тIоцевесев космонавт Юрий Гагарин. Летчик – истребитель, отставкаялда вугев майор МухIамад Хъазанбиев Юрий Гагарингун цIалулев вукIана 1952-1955 соназ К. Е. Ворошиловасул цIаралда бугеб Чкаловалъул рагъулабгун авиациялъул летчикал хIадурулеб училищеялда. БакIалъул властаялъул вакилзабазда летчикас рицана гьениб цIалулеб ва хъулухъ гьабулел соназул ракIалдещевеял.

Районалъул администрациялъул вакилзаби ветеранасул рокъоре ана. ДандчIвай гIуцIана гьесул гIагараб росулъ – Бакьулъ Гъарадирихъ.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасул** цIаралдасан авиациялъул ва космонавтикаялъул къо МухIамад Хъазанбиевасда баркана информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудиновас**, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул Гумбет централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибировас** ва цогидазги.

**(Ахир -кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**«БахIарзазе даимаб рецц» конкурсалъул финалалде рорчIана**



**-2 гьум.**

**53 метр халалъиялда КастIаниб цIияб кьо бан лъугIунеб буго**



**-2 гьум.**

**«Багьадураб захIматалъе гIоло» медалалъе ва «Печаталъул отличник» гIаламаталъе мустахIикълъана**



**-3 гьум.**

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи

№ 21 17 апрель 2017 с.

## Гъарадирихъев – дихъе космосан

(Байбихьи-тIоцебесеб гъум.)

Гумбет районалъул нухмалъулез МухIамад Хъазанбиевасе кьуна «Улкаялъул оборонаялъул гуч щула гьабиялъулъ лъураб бутIаялъе, гIолеб гIел ВатIан бокьулеллъун куцаялъе, спорт машгьур гьабиялъе, Гумбет районалъул жамгIияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъиялъе гIоло, гьединго махщалилаб байрам – авиациялъул ва космонатикаялъул ТIолгодуниялалъул кьоялъул хIурматалда» ХIурматалъул грамота.



Летчикасда гьединго баркана централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз, «Сельсовет "Арадирихский"» росдал поселениялъул администрациялде гъорлъе кколел гIуцIабазул нухмалъулез, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби – ясаз ва цогидазги.

Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель **ТIалхIат МуртазагIалиевас** бицана Хъазанбиевасул биография. «МухIамад Хъазанбиев гьавуна 1931 соналъул 31 декабралда Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ. 1952 соналъ цIализе лъугьана Чкаловалъул рагъулабгун авиационнияб летчикал хIадурулеб училищеялде ва лъугIизабуна лейтенантасул цIаргун 1955 соналъ. Хъулухъ гьабуна советияб армиялда Закавказьеялъул рагъулаб округалда, Украиналда, Уралалда ва Гьоркьохъеб Азиялда. ХIалтIана рагъулал МИГ самолетазда, вертолетазда. ЛъугIизаруна ингилис мацIалда радиобухьен ракьалъулгун гьабиялъул аэрофлоталъул курсал. Лъала МухIамадида гIараб, гуржиязул, украиназул ва авар мацIал.

Закавказьеялъул рагъулаб округалда хъулухъ тIубазабулаго, космонавтазул отрядалде восизе комиссия бергьенлъиялда тIубазабуна, амма гьесда рачIел гIиллабаз аслияб составалда гъорлъе ккечIо. Лъайхъвай букIана Гагаринилгун, Титовасулгун, Бондаренколгун. МухIамад Хъазанбиев ккола самбоялъул рахъалъ спорталъул мастер.

1973 соналъ хъулухъ гьабизе витIана Гъоркьохъеб Азиялде, къватIисел пачалихъазе авиациялъул махщалилал хIадурулеб курсалъул нухмалъулевлъун. Роржиналъул махщелалъе гьеб школалда хIадурана Африкаялдаса, ГIагараб Бакъбаккудаса ва Централияб Азиялдаса вакилзаби.

1980 соналъ ана отставкаялде авиациялъул майорасул цIаргун. Щвана пачалихъиял шапакъатал ва ВВСалъул командованиялъул рахъалдасан баркалаби. Щибаб соналъ 9 маялда Россиялъул Федерациялъул президент Владимир Путинил рахъалдасан баркиялъул кагъат бачIуна. Чанахъанлъи, найихъанлъи бокьула. ХIеж борхизе ана».

ДандчIваялда цIалдохъабаз цIалана космонавтикаялда, авиациялда хурхарал кучIдул, бицана КIиабилеб дунялалъул рагъул машгьурал летчиказул гьунаразул хIакъалъулъ.



### ХадурагIи

Амма гьаб соналда гьарадирихъев гьедулев дандчIвана – дихъе космосан, - абун хъван буго Расул ХIамзатовас цо сонеталда. Щиб лъалеб, МухIамад Хъазанбиевасул бицен рагIун, хъварал мухъал рукIун ратизеги бегьула гьел. Гьелъул хIакъалъулъ ХIамзатил Расулида цIехечIого хутIана. Амма космосалде гIагараб борхалъиялде вахана самолетазда гьарадирихъев МухIамад Хъазанбиев. Жиндир гIумруялдалъун ВатIаналъеги халкъалъеги хъулухъ кин гьабизе кколебали мисал бихьизабуна гьес. Аллагьас гьесул сахлъи щула гьабеги ва гIумру халалъаги. Амин.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ТАРБИЯ КЬЕЙ – КИНИДАСАНГО

# Интернеталъул гудрал

### Умумузул данделъиялда ракIалде щвезабуна лъималазул тIалаб гьабизе гьезда тIадаб букIин

**Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул данделъабазул залалда тIобитIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул умумузул гIаммаб собрание. Гьелда гIахьаллъана Гумбет районалъул имам Юнус-хIажи Тимирсултанов, Дагъистаналъул муфтияталъул дагIваталъул отделалъул нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулайманов, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул саназде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIул рахъалъ отделалъул инспектор МухIамад ХIусенов.**

Данделъиялда гьоркьоб лъуна интернеталда раккарал заралиял хIаяздаса лъимал цIуниялъул хIакъалъулъ суал. Гьеб суалалда тIасан доклад гьабуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель **Рамазан МухIамадовас**. Гьесул кIалъай аслияб къагIидаялда буссараб букIана интернеталда раккарал инсан живго-жинцаго чIваялде ккезарулел хIаяздаса умумуз лъимал цIунизе ккеялде. Гьезда бичIчIизабизе интернет-хIаязул бугеб зарал. Районалъул имам Юнус-хIажи Тимирсултановас ва Дагъистаналъул муфтияталъул дагIваталъул отделалъул нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадовас Аварагасул (с. т. гI. в.) хIадисаздасан мисалал рачун бицана законалдаги шаргIалдаги рекъон лъималазул жавабчилъи умумузда тIаде ккоелебелъи ва исламияб тарбиялда лъимал рокьосанго куцазе ккеялде. Гьезие тарбия кьеялъулъ умумузул бугеб кIваралъул.

Данделъиялда кIалъазе рахъарал районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, полициялъул саназде рахъинчIезда гьоркьоб хIалтIул рахъалъ инспектор МухIамад ХIусеновас тIадчIей гьабуна экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьезе ккеялъул суалалда.

**ГIайшат Исламбиева**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ. НИЛЪЕР БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# «БахIарзазе даимаб рецц» конкурсалъул финалалде рорчIана

**Хунзахъ районалъул централда тIобитIана «БахIарзазе даимаб рецц» республикаялъулаб конкурсалъул лъабабилеб этап. Гьеб гIуцIана Дагъистан Республикаялъул культураялъул Министерствоялъ. ГIолохъанал кучIдул рикIкIунезда гьоркьоб тIобитIана гьеб конкурс.**



Гьелда гIахьаллъана Гумбет районалдаса вакилзаби. 14-20 сон гIумрудул бугезда гьоркьой цее яхъарай МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан **Кумсият Астимирова**, 20-30 сон бугезда гьоркьой ЦIаналъа **Асият ГIалиева** финалалде рорчIана. МахIачхъалаялда тIоритIизе руго финалиял кьецал.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# 53 метр халалъиялда КастIаниб цIияб кьо бан лъугIунеб буго

**Хасавюрт – Кьохъ шагьранухлул 78-92 километразда цIияб кьо баялъул хIалтIи рагIалде бахъунеб буго. 2015 соналда базе байбихьана 53 метр халалъи, 13 метр гIеблъи бугеб кьо. 34 метралъул борхалъи бугел кьодул сакал гьаруна, гьениб хIалтIана бакIал раялъул гьанжесеб техника.**



ХIисабалде босун буго 2017 соналъул апрель моцIалъул ахиралде кьо баялда ахирисел хIалтIаби тIуразаризе.

**«Гумбет» РИО**

ШАМИЛ ИМАМАС 220 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# ИлитIаги ХIанатги

**Шамил имам килдерил магIарде вачIараб мехалъ, ИлитIацаги ХIанатицаги жигараб гIахьаллъи гьабуна гьеб багъа-бачариялъулъ. Доб заманалда цере къватIире рахъун гIадамал рихьун, лъан хIалбихьи, цебетIей щварал гьел руччаби нахъе гьел кьан чIечIого бищун цераерахъана имамасул ахIиялъухъе.**

Гьел рукIана имамасул божарал руччабилъун ва тIубазабулаан гьесул армия кванил нигIматаздалъун хьезе гьабиялъул хъулухъ, гьез росдал гIадамазухъа бакIарулаан садакъа ва напакъа, гьелъул гьабулеб букIана армиялъе кванaзе квен. ИлитIаги, ХIанатги лъугьана килдерил магIарда бугеб имамасул армиялдаги Килалъ росдадаги гьоркьоб лъураб кьолъун. Гьезул унго-унгояб гьоркьоблъи лъугьана имамасулги гьесул вас ГъазимухIамадилги хьизан агълуялъулгун, гьабулеб букIун буго гьезиеги хIалкIвараб кумек. Шамил Гъуниве унеб мехалъ, гьел цIакъ кьварилъахъдун руго, гьел регIизеги рачIун руго. ГьабсагIатги росулъ гьезул агьлу - тухумги буго, къадру къиматги гьабула.

**Исрапил Заирбегов**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав
№ 21 17 апрель 2017 с.

«ГУМБЕТ» БАСМАЯЛЪУЛ БЕТIЕРАЛ РЕДАКТОРАЛ. «ГУМБЕТ» ГАЗЕТАЛЪ 65 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## «Багьадураб захIматалъе гIоло» медалалъе ва «Печаталъул отличник» гIаламаталъе мустахIикълъана

**МелъелтIаса УхIумагъази Нажуев**

**УхIумагъази Нажуев гьавуна МелъелтIа росулъ 1934 соналъ. ЦIалана гIагараб росдал школалда ва гьеб лъугIун хадув Советияб армиялъул кьеразулъ хъулухъ гьабизе ахIана. Гьениса тIадвуссун хадув хIалтIана МелъелтIа Тельманил цIаралда бугеб колхозалъул хурухъанлъиялъул бригадирлъун, росдал клубалъул заведующийлъун. 1963 соналъ цIализе ана партиялъул Дагъистан обкомалда цебе рагьараб партшколалде. ТIадвуссун хадув хIалтIана партиялъул Гумбет райкомалда инструкторлъун, Тельманил цIаралда бугеб колхозалъул парткомалъул секретарьлъун, гьебго колхозалъул бетIерав зоотехниклъун.**

ЛъугIизабуна Ростовалъул партшкола, Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникум.

ГIуцIарухъанлъиялъул хIалтIуе бажари букIин бихьун, Нажуев 1975 соналъул январалда тIамуна районалъул «Вождасул васиятал» газеталъул редакторлъун ва микьгоялдаса цIикIкIун соналъ тIубазабуна гьеб жавабияб хIалтIи.

1983 соналдаса 1988 соналде щвезегIан УхIумагъази хIалтIана коммуналияб магIишаталъул отделалъул нухмалъулевлъун, хадув Гумбет райгосимуществоялъул, районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул нухмалъулевлъун.



ХIалтIулъ росарал бергьенлъабазе гIоло щвана «Багьадураб захIматалъе гIоло» медаль, «Печаталъул отличник» абураб гIаламат. ГьабсагIат мустахIикъаб хIалхьиялда вуго.

## Лъайкьеялъул ва печаталъул хIаракатчи

**ЛъаратIаса Сайпула Мирзаев**

**Сайпула гьавуна ва гIуна ЛъаратIа росулъ. ЗахIматалъулаб хIаракатчилъиялде гали лъуна 10 класс лъугIараб 1957 соналъ. Дол соназ росабалъ мугIалимзаби гIолел рукIинчIолъиялъ, гьоркьохъеб лъай щварал гIолилалги ритIулаан школлъималазе дарсал кьезе районалъул централдаса рикIкIад ругел росабалъе. Гьедин Сайпула лъайкьеялъул отделалъ ИмангIалил росулъе гIурус мацIалъул мугIалимлъун хIалтIизе витIана. Гьенисан ана армиялда тIадаб хъулухъ гьабизеги.**

Мирзаев хIалтIана ЦIунди, МелъелтIа, Ингишо росабалъ мугIалимлъун, хадув ЦIилик школалъул директорлъун. Районалъул лъайкьеялъул отделалъул инспекторлъун 6 соналъги хIалтIун, партиялъул райкомалъул пропагандаялъул ва агитациялъул отделалъул нухмалъулесул заместительлъун тана. 5 соналъ нухмалъи гьабуна районалъул бухьеналъул узелалъе, хIалтIана Кочубеялда бугеб гочинабун гIи-боцIи хьихьулеб зоналда «Тляратинский» колхозалъул участкаялъул нухмалъулевлъун.



1994 соналъ Сайпула тIамуна Гумбет районалъул «Бакълъулазул нур» басмаялъул редакторлъун. Гьеб хIалтIи бажарун бачана 2009 соналъул тIоцебесеб марталде щвезегIан. ГьабсагIат мустахIикъаб хIалхьиялда вуго.

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ...

# ЦIияб кIармил кьо, клуб ва... Ильичил чирахъал

**Щиб хъвалеб букIараб 1966 соналда Гумбет районалъул «Вождасул васиятал» газеталда**

### Бищунго кIудияб кIармил кьо

**Соналдаса соналде нухал гIатIид гьариялде, щулияв ва берцинал кьоял раялде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго. Гьелъ рес кьола тIубараб лъагIелалъго гьава-бакъалде балагьичIого транспорт хьвадиялъе.**

КIудияб кьалквал букIунаан ЛъаратIаса МелъелтIе ругел нухазда ЦIамгIал лъим абулеб бакIалдасан автомашинаби хьвадиялъе. Щибаб соналъ гьенисан нух иххица хвезабулаан. ЦIияб соналде гьениб бан лъугIана районалъул нухазда бищунго кIудияб ва берцинаб кIармил кьо. Гьелъул халалъи 32 метраялде, борхалъи 11 метраялде ва гIатIилъи 8 метраялде бахуна.

П. МухIамадов

### Инхдерица жигар бахъана

**Халатаб заманаялъ анищлъун букIараб тIадегIанаб къуваталъул токалъ Гъоркь Инхо росулъ 15 марталда Ильичил чирахъал ракана. Гьеб ккола цIияб щуго сонил планалъ бакълъулазул росабалъе лъураб тIоцебесеб гали.**

ХIисабалде босун буго районалъул цогидал росабалъеги тIадегIанаб къуваталъул ток бачине. Амма гьелъие кьваригIуна росабазул захIматчагIазул цIикIкIараб ва свин гьечIеб жигарчилъи. Инхдерица кIудияб жигарчилъи бихьизабуна росолъе ток бачиналъулъ. Росдал жамагIаталъго кIвар буссинабуна гьеб ишалде.

ГI. МухIамадов

### ЦIияб клуб букIина

**Ингишо Энгельсил цIаралда бугеб колхозалъул правлениялъ росдал магIишатазул артелалъул планалда бихьизабун букIана цIияб клуб базе.**

Гьеб хIукму тIубазабизеги кьеркьолаго, клуб баялъул хIалтIуда байбихьун буго. Гьениб кьед гьабулеб буго ва мисалияб къагIидаялда хIалтIулел руго ГI. Игитов, О. Батиров ва гь. ц.

КватIичIого колхозчагIазе щвезе буго лъикIаб клуб.

У. ГIалиев

### ЦIияб продукция

**Цогидаб пихь босаниги заводалъ исаналъизегIан цIибил босулароан. ГьабсагIат заводалда тIад бан унеб буго цIибил къабул гьабиялъул ва гьелъул сок бахьиялъул хIалтIи.**

ЦIолбол сок бахьи заводалъул гьитIинабго коллективалъ планалде тIадеги кьолеб продукциялъун ккола.

М. ГIумаров

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

ХАЛКЪИЯЛ ИНФОРМАЦИЯЛЪУЛ АЛАТАЗУЛ ТАРИХ

# КIалъалеб буго МелъелтIа

**Байбихьулеб буго районалдасан кьолел передачабазде**

**Районалда хIалтIулеб букIана бакIалъулаб радиовещание. Гьеб ахIараб букIана районалъул культурияб, экономикияб ва политикияб гIумруялъул кIвар бугел лъугьа-бахъиназдалъун районалъул халкъалъе информация кьезе. Партиялъул организацияз, гьезул гIуцIиялъулаб ва политикияб хIалтIуе кумек гьаби, партиялъул ва хIукуматалъул хIукмаби гIумруялде рахьинариялъе пропаганда гьаби, гIатIидго тIибитIизабизе социалистияб кьец, цебетIураб хIалбихьи, общественнияб гIадлу-низам хвезабулезда данде, гьекъел-мехтелалде данде къеркьезе.**

Щибаб кварталалъе бахъулаан хIалтIул план. Гьеб гьоркьоб лъолаан КПССалъул райкомалъул бюроялда. План хIадурулаго гьорлъе рачунаан учреждениязул, гIуцIабазул, партиялъул райкомалъул отделазул нухмалъулел, парторганизациязул секретарзаби, колхозазул председателал, росабазул бегавулзаби, производствалъул церехъаби, специалистал ва цогидалги. Гьезухъе битIулаан, планалда рекъон, гьадинаб темаялда, гьаб моцIалъул гьаб кьоялъ эфиралдасан кIалъазе вахъине кколаанги хъван хасаб кагъат. Материал лъабго кьоялъ цебе радиовещаниялде бачIине кколаан.

Передача кьолаан анкьида жаниб лъабго нухалда: итни, арбагI, рузман кьояз радал сагIат анкьго тIубадал. Передачаялъул аслиябლъун кколаан «Районалдасан харбал».

БакIалъулаб эфиралдасан кьолаан партиялъул ва хIукуматалъул хIукмаби тIуразариялъе гIологи къеркьолаго, районалъул колхозчагIаз, дояркабаз, гIухьбуз, хурухъабаз росарал бергьенлъабазул, захIматалъул церехъабазул, социалистияб кьецалъул иналъул, рагъул ветераназул хIакъалъулъ макъалаби. КIвар кьолаан культураялъул, халкъияб лъайкьеялъул, медицинаялъул хIалтIул хIакъалъулъ загьир гьабиялдеги. Кварталалда жаниб цо нухалъ кьолаан «ХIунчизин унтулищан» абураб критическияб передача. Гьеб хIадурулаан районалъул жанисел ишазул отделалда.

Щибаб праздникалъулаб тарихалда хурхун кьолел передачабазда, гьезул хIалтIухъабазе сайгъат гьарун кучIдул ахIулаан районалъул культураялъул рукъалъул кочIохъабаз. Гьединго гьоркьо-гьоркьор кьолаан бакIалъулал кочIохъабазул концертал. Гьелъие дие кумек ва квербакъи гьабулаан районалъул культураялъул рукъалъул директор Набигула АхIмадибировас.

Амма цо-цо кьалквал букIунаан бухьеналъул узелалъул магнитофон хун, концертал, захIматалъул церехъабазул кIалъаял кьезе. Магнитофон хун бугони кIалъазе рахъунел учреждениязул гIуцIабазул нухмалъулелги ва цогидалги радал сагIат анкьго тIубалелде АТСалде щвезе кколаан.

Нагагь передача кьечIого хутIани, яги бихьизабуралдаса дагьаб заманаялъ кьуни, партиялъул райкомалъул пропагандаялъул ва агитациялъул отделалъ гIилла тIалаб гьабулаан.

ГIемерал соназ дикторлъун хIалтIана ГIайшат Бегаева.

**1967 – 1993 соназда радиовещаниялъул мухбир-гIуцIарухъанлъун хIалтIарай ГIайшат Исламбиева**

ПОЗДРАВЛЕНИЕ

**От всей души поздравляем ветеранов правоохранительных органов, с профессиональным праздником – Днем сотрудников органов внутренних дел РФ. Желаем вам и вашим семьям мира и благополучия, счастья, крепкого здоровья и всего самого наилучшего!**

**Амага Амагаев, председатель совета ветеранов ОМВД РФ**

# ЦIияб кIармил кьо, клуб ва... Ильичил чирахъал

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**

### КIудияб гъира-шавкъалда

МелъелтIа Тельманил цIаралда бугеб колхозалъул Нарыш хъутаналда тIад бан унеб буго ихдаде хIадурлъиялъул хIалтIаби.Механизаторазул роцIарал гьурмазги гIедерго росулел галабазги бицуна гъира-шавкъалда цо бокьулеб хIалтIуде унел рукIин. Хасго хIалтIудехун бугеб рокьи, гьезул бугеб гъира-шавкъ бихьулеб буго хурзабахъе рак баччиялъул хIалтIулъ. Гьеб захIматаб хIалтIи тIубанго гьанже машинабаз гьабулеб буго.

Механизаторал Муса Загъалаевас ва ГIали ГIабдусаламовас тIаде босун буго рак баччиялъул план къокъаб болжалалда тIубазабизе. ХIакъикъаталдаги гьез жидерго рагIи ракIбацIцIадго тIубазабулебги буго. Гьев кIиясго гIицIго кIиго къоялда жаниб хурзабахъе щвезабун буго 340 тонна ракул. Рак баччиялъул хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго механизмабаздалъун хьезабураб звеноялъул звеновод ГI. Исубовасги.

**М. НурмухIамадов**

### Баркула тIадегIанаб шапакъат

1962 соналъул февраль моцIалда ЦIиликь росдал Ленинил цIаралда бугеб колхозалъул колхозчагIаз жидерго магIишаталъе нухмалъи гьабизе вищана Хизри Агъабегов.

Агъабеговасул нухмалъиялда гъоркь гьеб магIишат гIи-боцIухъанлъиялъул церетIурал магIишатазул мухъилъе бачIана.

ГIи-боцIухъанлъи цебетIезабиялъулъ, гьезул продуктабазул къадар ва заготовкаби цIикIкIизариялъулъ росарал бергьенлъабазе гIоло СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул Указалдалъун Агъабеговасе кьуна ХIурматалъул гIаламат орден.

### ГьутIби чIана

«Росо гIурччин гьабизин» абураб лозунгалда гъоркь кIудияб хIалтIи гьабулеб буго Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз. Гьез цо къоялъ Гъоркьа гьабахъ абулеб бакIалда бугеб школалъул участкаялдаса росолъ чIезе гьутIби рахъана.

ЦIалдохъабаз гьутIби, хабалал ва росо бакьулъ бугеб хIор сверун чIана. Гьеб гуребги цIалдохъабаз жигар бахъулеб буго жиде-жидер минабазда цере гьутIби чIезеги. Гьеб рахъалъ киназего мисалияллъун ккола цIалдохъаби Ш. Сабигулаев, М. МухIамадов ва гь. ц.

Росолъ общественниял бакIазда чIарал гьутIбузе хъулухъ гьабизе тIаде босун буго 6 классазул цIалдохъабаз.

**М. ГIалиев**

### Школлъимаз площадка къачIана

ИчичIали росдал байбихьул школалъул цIалдохъабазе площадка гьечIолъиялдалъун кинал рукIаниги расандаби гьаризе рес щолеб букIинчIо. Гьебги хIисабалде босун цIалдохъабаз хIукму гьабуна площадка унго-унгояб къагIидалъ къадалги гьарун къачIазе ва сверункъазе. ЦIалдохъабаз жидерго хIукму рагIалде бахъинабуна. Гьенир мисалияб куцалда хIалтIана П. ХIусейнова, ХI. ХIажиева, А. Гъайирбегова, ХI. ХIусейнов.

Гьелде тIадеги пионераз хIисабалде босун буго школалда рукъалъул хIанчIи гIезаризеги.

**М. Ордашов**

### Цойги росулъ Ильичил чирахъал

ХIалуцараб къагIидаялда унел руго районалъул росабалъе тIадегIанаб къуваталъул ток бачиналъул хIалтIаби. КIудияб жигарчилъи бихьизабуна чIикьдерил захIматчагIаз къокъаб заманалда росолъе ток бачиналъул хIалтIаби рагIалде рахъинариялъул рахъалда. 13 декабралда гьенир гвангъана Ильичил чирахъал. Цебе пачаясул заманалда такъсирчагIи ритIулеб букIараб росдал гIумру Советияб власталъул соназда тIегьан бачIунеб буго.

**А. Мурадисов**

РОСАБИ-РОХХЕНЕЛ




ПРОФИЛАКТИКА ПОЖАРОВ

# Будем готовы к весенне-летнему пожароопасному сезону

**Не так много осталось времени до установления теплой сухой погоды. Как показывает практика прошлых лет, в это время резко увеличивается количество пожаров, связанных с возгоранием сухой травы, мусора в сельских населенных пунктах, в лесах, на сельхозугодиях, и на приусадебных участках.**

Значительная часть пожаров происходит из-за неконтролируемых сельхозпалов (сжигания прошлогодней травы), леса пылают и из-за небрежного обращения с огнем жителей нашего района. Связано это и с уборкой садовых участков (и, как следствие, сжиганием мусора и травы) , с выходом жителей на пастбища для 'выпаса домашнего скота и выездом населения на природу (разведение костров, неосторожность при курении и т.п.).

Нередко это приводит к тяжелым последствиям. Вспыхнувшая как порох трава порывом ветра в доли секунды заносится на лесные насаждения, и они тут же загораются. А ведь в теплую сухую погоду искры достаточно, чтобы вспыхнул огонь, особенно в хвойном лесу. Кроме того, с пожарами в атмосферу выбрасывается огромное количество дыма, содержащего такие опасные загрязнители, как углекислый газ, угарный газ, окись азота. От задымления страдают жители, сельских населенных пунктов. Так кто же виноват в возникновении этих пожаров? В ряде таких пожаров виноваты курильщики. Незатушенная спичка или окурок, брошенные в сухую траву, в считанные секунды превращаются в «горящий ковер». Дети не понимают, сколько бед и несчастий может принести травяной пожар. А ведь площади таких возгораний могут достигать десятков тысяч квадратных метров.

Ежегодно, колоссальный ущерб природе наносит сжигание сухой травы и листвы на земельных угодьях и садовых участках, непосредственно примыкающих к лесным насаждениям.

В связи с этим, ОНД и ПР №13 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД призывает Вас, быть особо внимательными и осторожными в весенне-летний пожароопасный период.

Курильщикам не следует бросать окурки и спички на землю. Необходимо следить за тем, чем заняты дети, пресекать любые шалости несовершеннолетних с огнем. На территории частного жилого сектора, на случай пожара, необходимо иметь запасы воды для целей пожаротушения и рекомендуется у каждого жилого строения устанавливать емкость (бочку) с водой или иметь огнетушитель.

Правила определяет сама жизнь: каждый гражданин обязан выработать в себе аккуратность и осмотрительность, соблюдать элементарные правила пожарной безопасности при обращении с огнем.

Также хочу напомнить об административной ответственности за выжигание сухой травянистой растительности, стерни, пожнивных остатков на землях сельскохозяйственного назначения, разведение костров на полях без соблюдения требований пожарной безопасности, и уголовной ответственности при уничтожении лесных насаждений.

Я, дознователь ОНД и ПР №13 надеюсь, что совместными усилиями всех заинтересованных служб и ведомств, а также населения, в этом году удастся не допустить чрезвычайных ситуаций в весенне-летний пожароопасный период.

**М. М. Магомедов, дознаватель ОНД и ПР № 13 УНД и ПР ГУ МЧС России, старший лейтенант внутренней службы**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Как и ранее было объявлено в газете «Гумбет» от 13. 02. 2017 года под № 8, повторно напоминает, что руководствуясь требованиям градостроительного кодекса Российской Федерации администрация сельского поселения «Село Тлярата», проводит 20 апреля 2017 года в 9:30 часов 00 мин. публичные слушания по материалам Генерального планирования и правил землепользования застройки, АСП «Село Тлярата». Место проведения публичных слушаний, здание администрации «Село Тлярата» Гумбетовского района.**

**Глава АСП «Село Тлярата» А. М. Залумханов**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Как и ранее было объявлено в газете «Гумбет» от 13. 02. 2017 года под № 8, повторно напоминает, что руководствуясь требованиям градостроительного кодекса Российской Федерации администрация сельского поселения «Сельсовет "Мехельтинский"», проводит 20 апреля 2017 года в 10 часов 00 мин. публичные слушания по материалам Генерального планирования и правил землепользования застройки, АСП «Сельсовет "Мехельтинский"». Место проведения публичных слушаний, здание администрации «Сельсовет "Мехельтинский"» Гумбетовского района.**

**Глава АСП «Сельсовет "Мехельтинский"» М. А. Абдунасыров**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.